УДК 821.352.3
DOI: 10.31007/2306-5826-2020-1-44-79-84

# ЛЪЭПКЪ ЛЪАПІЭНЫГЪЭХЭМ УСАКІУЭ БЭРБЭЧ ЗУБЕР И УСЭХЭМ ЩАУБЫД УВЫПІЭР

**ТIымыжь Хьэмыщэ Тэркъан и къуэ**, филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, Урысейм ЩIэныгъэхэмкIэ и академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым къэбэрдей-шэрджэс литературэмкIэ и секторым и унафэщI, kbigi@mail.ru.

УсакIуэ, прозаик Бэрбэч Зубер Iэуес и къуэм и творчествэр лъэпкъым къыдекIуэкI хабзэхэм быдэу зэрыпыщIар, цIыхугъэм ехьэлIауэ адыгэм хигъэщхьэхукIа лъапIэныгъэ нэхъыщхьэхэр абы и тхыгъэхэм щытепщэу зэрыщытыр къэхутэнырщ мы статьямкIэ ди мурад нэхъыщхьэр. УсакIуэм и япэ тхыгъэхэм къыщыщIэдзауэ иужьрейхэм нэсу теухуащ гъэсэныгъэм, дэтхэнэми и хьэл-щэныр, цIыхущIыкIэр абы къыпкърыкIыжу зэрыщытым. Бэрбэчым и тхыгъэхэм ящIэлъыр езым и дуней лъагъукIэм, Iуэху еплъыкIэм къагъэщIа гупсысэхэрщ. Апхуэдэу щытми, абы и художественнэ гупсысэхэм я къигъэхъуапIэу къонэж зэманым игъэунэхуауэ цIыхухэм къадэгъуэгурыкIуэ зэхущытыкIэфIхэр, щIэблэ гъэсэкIэр, хъуэпсапIэхэр. Апхуэдэу мы статьям гулъытэ хэха щигъуэтащ усакIуэм гурэ псэкIэ илъагъу и лъахэм, Шэрэдж псыхъуэм, и лъэпкъэгъухэм теухуауэ итха усэхэр зэпкърыхыным. Ауэ нэхъыщхьэу, дэ дызэреплъымкIэ, Бэрбэчым и творчествэм хэлъыр усакIуэм Хэкум хуиIэ лъагъуныгъэшхуэр къызыхэщ и тхыгъэхэрщ. АбыхэмкIэ усакIуэм дыкъыхуреджэ щIыуэпсыр тхъумэну, ди зэран едмыгъэкIыну.

Бэрбэч З.I. и творчествэ джыным мыхьэнэшхуэ иIэщ. Абы и тхыгъэхэр къагъэсэбэп хъунущ щIэблэр зэрырагъаджэ тхылъхэр щызэхалъхьэкIэ, зэрыщыту адыгэхэм я литературэм и тхыдэр щатхыжкIэ.

**Зэрыгъуэзэн псалъэхэр**: къэбэрдей-шэрджэс литературэ, усыгъэ, цIыхугъэ, художественнэ дуней лъагъукIэ, тхыгъэ анализ, Iэмал, хъэтI, поэтикэ.

Художественнэ тхыгъэм хэлъ гупсысэ нэхъыщхьэм сытым щыгъуи ар зи IэдакъэщIэкIым и дуней еплъыкIэм, и хьэл-щэным щыщ гуэрхэр (псалъэм папщIэ, пхъашагъэ-щабагъэ, гу хуабагъэ-гу щIыIагъэ, фIэрафIагъэ, н.) хэплъагъуэу щытщ. НэгъуэщIу жыпIэмэ, «тхыгъэм и эстетикэр куэдкIэ елъытащ ар зейм и цIыху щIыкIэм, апхуэдэу и псэм къыпкърыкI дахагъэмрэ и гум къыщыуш гурыщIэмрэ щIэджыкIакIуэм зэрызыхригъэщIэфым» [ТIымыжь 2009: 37]. И кIэм-и кIэжым аращ зи пэжагъэр ягъэунэхуа щапхъэхэм фIэкI къизымыдзэ щIэныгъэм гъуазджэр къыщхьэщызыгъэкIыр. Ауэ авторым и Iуэху еплъыкIэр, къэкIуэнум, къэхъункIэ хъунум ехьэлIа и гупсысэхэр япэ щищ щыIэщ щIэныгъэм и къэхутэныгъэхэм. Гипотезэу дунейм къытехьэ апхуэдэ литературэ гупсысэщIэхэр, «художественнэ идеекIэ» псыхьахэр, къигъэщIурэ къэкIуэнум ахэр гъащIэ гъуэмылэ хуищIу псэуахэм ящыщщ Бэрбэч Зубер Iэуес и къуэр (1950–2005). Лъэпкъым ущие псалъэ хуэхъуауэ ноби къэгъуэгурыкIуэ апхуэдэ гупсысэхэр тхакIуэм къызэригъэщIу щыта Iэмалхэр къэхутэныр, Iущыгъэхэм я къигъэхъуапIэу абы иIахэр убзыхунырщ мы лэжьыгъэм и мурад нэхъыщхьэр. А мурадым улъэIэсын щхьэкIэ, гъэзэщIэн хуейуэ къалэн зыбжанэ къоув. Псом япэу щытри езы усакIуэм и цIыху щIыкIэр, цIыхугъэу хэлъар убзыхунырщ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ ахэращ абы и художественнэ дунейм хэкIыпIэ нэхъыщхьэ хуэхъуар.

ГъащIэ зыхэпсэукIым, къэзыухъуреихь цIыхухэм я зэхущытыкIэхэм къыхуахь гупсысэхэр усакIуэм и псэм щыпхишырт, лъэпкъым къыдекIуэкI хабзэхэмрэ

нэгъуэщI лъапIэныгъэхэмрэ абыхэм къаришэкIыжырти, художественнэ псалъэкIэ ди пащхьэ кърилъхьэжырт. ФIымрэ Iеймрэ, екIумрэ емыкIумрэ къызэригъэлъагъуэр езым и цIыху щIыкIэм зэрезэгъым, фIэфIымрэ фIэмыфIымрэ тещIыхьауэт. Апхуэдэ и Iуэху еплъыкIэр ар иджыри ныбжьыщIэ дыдэу зэфIэуват:

Сопсэу сэ зы хъуэпсапIэ сиIэу:
Мис, уафэ, си гур уэркIэ зэIухащ,
Хурехъу ар зы дыгъэ бзий къудамэ
Нэхущым IэплIэ уэ хузэIупхам
[Бербеков 1967: «В горах»].

ИужькIэ гъащIэм зыжьыхигъауэ гугъуехьхэм, усакIуэм и гум дыркъуэ къытезыдзэ мыхъумыщIагъэхэм Бэрбэчым и Iуэху еплъыкIэхэм зрагъэхъуэжынущ, зыми къыщыхуимыгъэдахэми, къуаншагъэ зылэжьу къилъытэхэм усакIуэр япэщIэувэф ящIынущ, ар езы къэрал дыдэрауэ щытми къимыгъазэу. Ауэ абыхэм япэмылъэщ, и гуащIэр къемэщIэкI щыхъукIэ КъэгъэщIакIуэ Иным зыхуигъазэрт:

ЛъэпкЪ зэгъэкIуэкI
Дэ къыддокIуэкI.
ПхуэщIэнум тIу,
Iулъэф мы тIур:
ШэкIуу-мэкIур,
ХамэкIутIур
[Бэрбэч 1996: 15].

ЦIыхугъэу дэтхэнэми иIэр и напэм тригъахуэм хуэдизщ. ЦIыхум и инагъыр зэлъытари и Iэпкълъэпкъыркъым, атIэ щысабийм щегъэжьауэ зэхилъхьа цIыхугъэрщ. «Ажалу и жагъуэт» абы щхьэхуещэхэр, къулыкъущIэкъухэр, нэпсейхэр. Социализм псэукIэр къутэжа нэужь абы и пIэ къиува бэзэр зэхэтыкIэр, мылъку зэдэгъажэр игу къеуэрт Зубер. ЦIыхур зыгъэикIэ, зыгъэпуд сыт хуэдэ зэхъуэкIыныгъэми и бийт ар:

Бэзэр псэукIэ,
Къыпыж-ныпыж,
ЦIыху зыгъэикIэ,
ИрекIуэдыж!
[Бэрбэч 1996: 15].

Ауэ Зубер псэуху и сабиипсэм зихъуэжакъым – ар къабзэу, нэхуу, М. Горькэм и Данко хуэдэу, и гур цIыхубэм гъуэгугъэлъагъуэ яхуищIу псэуащ. «ПсалъэкIэ, тхыгъэкIэ, IэщэкIэ – къыIэрыхьэмкIэ ем пэувырт Зубер, – етх тхакIуэ цIэрыIуэ Хьэх Сэфарбий. – Къыщыхъу щыIэт ар пхъашэ къудейм къыщымынэу, щыгуащIи. АрщхьэкIэ узэримыгугъэнуи гу пцIанэт. Абы и мафIэм гу щIыIэ-псэ щIыIэр, лейзехьэр игъэткIурт. Ауэ игъэхуабэрт дэхуэхар, дэIэпыкъуэгъу хуэныкъуэр» [Хьэх 2014: «НапIэзыпIэ»]. И гъащIэр кIэщIми, ар щызу зыгъэщIа усакIуэр, журналист, цIыхубэ лэжьакIуэ цIэрыIуэр 1950 гъэм дыгъэгъазэм (декабрым) и 21-м Къэбэрдей-Балъкъэр республикэм хыхьэ Аушыджэр къуажэм къыщалъхуащ. Абы курыт еджапIэр къыщиухри ар щIэтIысхьащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и тхыдэ-филологие факультетым. 1972 гъэм еджапIэ нэхъыщхьэр фIы дыдэу къызэриухамкIэ тхылъ иIыгъыу, ар «Ленин гъуэгу» газетым (иужькIэ и цIэр «Адыгэ псалъэу» зэрахъуэкIащ) лэжьакIуэу уври дунейм ехыжыху а IэнатIэм хуэпэжу пэрытащ. Ар лэжьащ корреспонденту, корреспондент нэхъыжьу, дыкъэзыухъуреxь дунеймрэ щIыуэпсымрэ хъумэнымкIэ редакцэм и къудамэм и унафэщIу. Зыпэрыт IэнатIэм щиIэ ехъулIэныгъэхэм, апхуэдэу цIыхубэм хуэгъэзауэ иригъэкIуэкI лэжьыгъэшхуэхэм къапэкIуэу Бэрбэч Зубер къыхуагъэфэщащ

«Адыгей Республикэм щIыхь зиIэ и журналист» цIэ лъапIэр, Абхъаз Республикэм и Леон орденыр, фIыщIэ, щытхъу тхылъ куэд.

Мис а и гъащIэ гъуэгуанэрщ усакIуэм и творчествэм лъабжьэ хуэхъужари. Тхыгъэм и пэщIэдзэм къызэрыщыдгъэлъэгъуащи, Бэрбэч З. I. пасэу литературэм гу хуищIат. Иджыри къуажэ еджапIэм щIэсу абы и усэхэр къытрадзэу щIадзат район газетым, ныбжьыщIэхэм папщIэ республикэм къыщыдэкI «Совет щIалэгъуалэ» газетым. Ар хуэусэт зыми пимыщI и лъахэм, «зи псы Iубыгъуэр уз псоми хущхъуэ яхуэхъу» Шэрэдж, «нартхэм быдапIэу тхузэтралъхьа ди къуршыжьхэм»:

Шыхулъагъуэ къуршыжьым
Сыкъохьэ и щIыб.
ЩIихьащи, псы хъыжьэм
Махъсымэу зебыб.
[Бэрбэч 1990: «Шэрэдж»].

А псори псэ пIейтеям къыпкърыкI лъагъуныгъэшхуэкIэ гъэнщIат. Щалъхуа и хэкум хуиIэ апхуэдэ гурыщIэр зэрыгъунапкъэншэр къигъэлъэгъуат абы, иджыри илъэс 17 ныбжьым иту:

Гуэл щхъуэчхэм нэр щIасыкIыу
Пшэ хужьхэм я щхьэщыгум къитщ.
Псыпыхухэу бгым къехуэххэр,
Удз гъэгъа щыгъэу мывэм зэбгреху.
Гъагъэ, си лъагъуныгъэ,
Уахътыншэу уэ пхузиIэ фIыгъуэ!
[Бербеков 1967: «В горах»].

УсакIуэпсэм зыхихырт лъахэм и макъыр, зыхищIэрт абы и гурыгъу-гурыщIэхэр. И усыгъэхэм щигъафIэрт щIэблэр, абы къригъэчэнджэщырт Iуащхьэмахуэ-дадэ («Адыгэ лъэпкъым»), ныбжьыщIэхэр нарт Сосрыкъуэ, Ашэмэз, Батрэз сымэ я лIыгъэм щIигъэхъуэпсырт («Хъуромэ», «Тенджыз Iуфэм», «Ашэмэз и бжьамийр», «Джэж» усэхэр, нэгъуэщIхэри).

«ЦIыхугъэр щыкIуэд хъунукъым политикэми, жылагъуэ зэхэтыкIэми, лэжьыгъэ IэнатIэми. Унагъуэми ар икIуэдыкI хъунукъым, егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэри, динри абы хуэлажьэу щытын хуейщ» [ТIымыжь 2009: 91]. Ахэращ Бэрбэчым и тхыгъэхэр яIэту абыхэм къахэIукI макъхэр. Ауэ псом хуэмыдэу усакIуэм и творчествэм тепщэ щыхъуат куржы-абхъаз зауэр. Абы идэнкIэ Iэмал иIэтэкъым зылъэкIыр зылъэмыкIым тегушхуэныр, лъэщым къарууншэр лъэгущIэтын ищIыныр. «Лъэщыр – дунейм екIуу тетырщ, зэхэтыкIэ дахэ зиIэрщ, дуней хъугъуэфIыгъуэхэр зыгъэбагъуэрщ» – щетх абы «Зым и зэран щэм йокI» и статьям [Бэрбэч 2004: 9]. Ауэ цIыху сэфэтым икIыу Iэщэм зэуэ епхъуэ къэрал унафэщIхэр зэи игъэзахуэртэкъым. Ар цIыхугъэншагъэм и щапхъэ нэхъ икIэ дыдэхэм ящыщу къилъытэрт Бэрбэчым. Аращ куржыдзэр Абхъазым къыщытеуам щыгъуэ, Апсным и хэкур зыхъумэну кIуа адыгэ щIалэхэм я япэ сатырым езы усакIуэр яхэувауэ щIыщытар.

Абы и Iэщэ мыубзэщхъу хъуат жану игъабзэ и псалъэр. Ауэ ар ещхьтэкъым зауэр, революцэр романтизмэм и акъужьымэр къыкIэрихыу XIX лIэщIыгъуэм зыусу щыта европэ усакIуэхэм я IэдакъэщIэкIхэм. УсакIуэм и тхыгъэхэр реализмэм и жыпхъэм итщ, икIи «зауэфI зэрыщымыIэр, абы и кIэр сыт щыгъуи хьэдагъэкIэ зэриухыр» ибзыщIыркъым. Апхуэдэу щытми, щхьэхуитыныгъэр къызэрахьыр «лIыгъэрэ, хахуагъэу зэрыщытыр» щытепщэщ абы и тхыгъэхэм. Нобэ гугъу ехьми, пщэдей я «жьэгу мафIэр къызэрызэщIэнэжынур» я фIэщ ещI абы и ныбжьэгъу абхъазхэм. Я къэкIуэнур фIым, дахагъэм зэрыхуэгъэпсар ящигъэгъупщэркъым:

Псэм и щIыналъэм, уэ-рирэ-уо,
Я жьэгужь мафIэр зэщIэгъэнэж.
Лей зытехьахэр, уэ-маржэ-уо,
Зэрыгъуэтыжу гур къызэрокI,
Щхьэхуитыныгъэр, уэ-рирэ-уо,
ЗауэлI гурыщIэ дыгъэу къыхокI.
[Бэрбэч 1996: 8].

Абхъазым и щхьэхуитыныгъэр хъумэным къыхуриджэу, лъэпкъым шапэIудз яхуищIу иусащ абы «Джэж», «Генэ и уэрэд», «Къахуэмыгъэдзыха лъэпкъым теухуа балладэ», «Зыгъэбыдэ, Апсны!», «Амзарэ уэздыгъейхэ», нэгъуэщIхэри. Ахэр ихуащ «Джэж» усэ тхылъ цIыкIум (Налшык, 1996).

«Джэж» сборникым нэмыщI Бэрбэчым иджыри тхылъитI къыдигъэкIащ: «Джатэпэрыжэ», «Ашэмэз и бжьамий» (Налшык, 2004). Абыхэм щызэхуэхьэсащ Зубер и очеркхэр, публицистикэ лэжьыгъэхэр, гъуэгуанэ тхыгъэхэр. Мыхэр езым зыхуигъэхьэзырыр «Адыгэ псалъэ» газетым хэту къыдигъэкIыу щыта «Ашэмэз и бжьамий» напэкIуэцIырт, дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэным хуэгъэпсарт. Ауэ Бэрбэчым и тхыгъэхэм къызэщIригъэубыдэрт «экологием» и мыхьэнэ псори: «дунейр узыншэнри, лъапсэр тыншыпIэ щIынри, псэр къэбзэнри, шхыныгъуэхэр фIынри, зауэхэр къызэрытпекIуэкIыжри, къэхъукъащIэ шынагъуэхэри, псэущхьэхэм я зэхущытыкIэ нэгъунэ…» [Бэрбэч 2004: 5]. А псом щатетхыхькIэ, Бэрбэчыр журналистикэм и жанрхэм къикIырти, литературэ Iэмалхэм хуэкIуэрт, абыхэмкIэ и тхыгъэхэр еджэгъуафIи гукъинэжи ищIу. Абы и IэдакъэщIэкIхэм художественнэ псалъэр тепщэ щыхъурт. Ахэр нэхъ ещхьщ прозэу тха баснямрэ, ауэ тхыгъэм къыхэхын хуей гупсысэмрэ ущиемрэ езым зэхилъхьэжа усэ едзыгъуэкIэ Iэмал имыIэу иухыжырт. Мыпхуэдэ гъэщIэгъуэнагъхэр зыдэплъагъуу лъэпкъ литературэм хэтыр Бэрбэчым и тхыгъэхэрщ. Тхылъым ихуа тхыгъэ псори зэрешалIэ абы и пэщIэдзэм усакIуэм хуищIа усэ едзыгъуэм къыщыхьа гупсысэм:

Ди нарт Ашэмэз уэгу-щIыгур егъэз,
Игъаджэу бжьамийр дреджэ лъхудийр,
Хуэдгъазэу зыхуейр тхъумэну дунейр!
[Бэрбэч 2000: 4].

Мыр усакIуэм къэкIуэну щIэблэм къахуигъэна уэсятщ: «Дунейр, Хэкур, Унэ-ПсэупIэр къызыхуэтыншэу хъумэжыныр зи къалэн иныр – уэращ, сэращ, дэращ – ар гъэзэщIэнми напагъэкIэ тхьэм дыпэригъэт!» – етх усакIуэм [Бэрбэч 2004: 5]. Ар пхузэфIэмыкIын гуэру зэрыщымытри къегъэлъагъуэ Бэрбэчым. Абы щхьэкIэ узыхуейри зы мащIэ дыдэщ – игъащIэ лъандэрэ лъэпкъым къыдекIуэкI лъапIэныгъэ нэхъыщхьэр – цIыхугъэр – мыгъэкIуэдынырщ, зы лIакъуэм ар сакъыу ихъумэурэ къыкIэлъыкIуэм хэмыщIаIауэ иритыжынырщ.

Мы тхыгъэм дэ къыщыдгъэлъэгъуар Бэрбэч Зубер и творчествэм и зы Iыхьэщ – и усыгъэм нэхъыщхьэу къыхэIукI «цIыхугъэ категорием» езы усакIуэр зэрыхущытарщ. Ауэ и прозэ, публицистикэ тхыгъэхэр къапщтэми, абыхэми щытепщэр ар дыдэрщ. Къэрал, цIыхубэ мыхьэнэ яIэу къиIэт Iуэхугъуэшхуэхэр усэ жанрым къыщимытIасэм деж, абы журналист, литературэ Iэмалхэри къигъэсэбэпырт, абыхэмкIэ къиIуэтэну зыхуей гупсысэхэр иригъэкъужу. Апхуэдэу сабиипсэрэ цIыху хьэлэлу дунейм тета усакIуэ, журналист, цIыхубэ лэжьакIуэшхуэ Бэрбэч Зубер Iэуес и къуэм къыхуиухар гъащIэ мащIэт – илъэс 55-м иту 2005 гъэм гъатхэпэм и 16-м зэуэзэпсэу ар дунейм ехыжащ.

## Источники и литература

1. *Бербеков З.А.* В горах // На поэтической волне. «Советская молодежь». Нальчик, 1967. 16 августа.

2. *Бэрбэч З.I.* Джэж. Налшык: Адыгэ хэку, 1996. 16 н. // Бербеков З.А. Клич. Нальчик: Адыгское отечество, 1996. 16 с.

3. *Бэрбэч З.I.* Зым и зэран щэм йокI / Ашэмэз и бжьамий. Налшык: Эльбрус, 2004. 262 н. // Бербеков З.А. Один человек может навредить многим // Свирель Ашамаза. Нальчик: Эльбрус, 2004. 262 с.

4. *ТIымыжь Хь.Т., Тхьэгъэзит Ю.М.* Адыгэ лъэпкъ роман: и тхыдэ гъуэгуанэмрэ художественнэ нэщэнэхэмрэ. Налшык: КБИГИ, 2009. 198 с. // Тимижев Х.Т., Тхагазитов Ю.М. Адыгский роман: история развития и художественные особенности. Нальчик: КБИГИ, 2009. 198 с.

5. *Хьэх С.Хь.* НапIэзыпIэ / Адыгэ псалъэ, 2014, мэкъуауэгъуэм и 19 / Хахов С.Г. Мгновение // Адыгское слово, 2014. 19 июня.

## НРАВСТВЕННЫЙ ИМПЕРАТИВ ЭТНОСА В ПОЭЗИИ КАБАРДИНСКОГО ПОЭТА ЗУБЕРА БЕРБЕКОВА

**Тимижев Хамиша Тарканович**, доктор филологических наук, заведующий сектором кабардино-черкесской литературы Института гуманитарных исследований – филиала Федерального государственного бюджетного научного учреждения «Федеральный научный центр «Кабардино-Балкарский научный центр Российской академии наук» (ИГИ КБНЦ РАН), kbigi@mail.ru

Цель представленной статьи – показать глубокую связь творчества кабардинского поэта Зубера Ауесовича Бербекова с нравственными нормами адыгского этноса. Каждое его произведение представляет неиссякаемый источник нравственных наставлений для самых разных случаев жизни. Анализ поэтических произведений автора показывает широту этих норм и то, насколько глубоко они вошли в его творчество, так, что оно от первого стихотворения до последнего является в одно и то же время мировоззренческим, нравственным и эстетическим кредо самого автора.

Выявляется особое тяготение поэта З. Бербекова к размышляющей лирике, при этом, не теряя связь с народной традицией и с его стилистикой. Его творчество отличает присутствием большого личностного начала, где он выражает свою глубокую привязанность к своей малой родине, бурной реке Черек, предкам. Его стихи на патриотическую тему — апология правды, гармонирующей с гимном родной природе.

Значимость исследования творчества З.А. Бербекова бесспорна, и выводы, сделанные в статье, могут найти применение при создании учебников и учебно-методических пособий по истории адыгских литератур, в разработке лекционных и практических курсов для высших и средних учебных заведениях северокавказских республик.

**Ключевые слова**: Кабардино-черкесская литература, поэзия, нравственность, художественное мировидение, системный анализ, метод, стиль, поэтика.

## MORAL EMPIRE OF ETHNOS IN POETRY KABARDIAN POET Z.A. BERBEKOV

**Timizhev Khamisha Tarkanovich**, Doctor of Philology, Head of the Kabardino-Circassian Literature Sector of the Institute for the Humanities Research – Affiliated Federal State Budgetary Scientific Establishment «Federal Scientific Center «Kabardian-Balkarian Scientific Center of the Russian Academy of Sciences» (IHR KBSC RAS), kbigi@mail.ru

The purpose of this article is to show the deep connection of the work of the Kabardian poet Zuber Auesovich Berbekov with the moral standards of the Adyghe ethnic group. Each of his works is an inexhaustible source of moral instruction for a variety of occasions. An analysis of the author's poetic works shows the breadth of these norms and how deeply they entered his work, so that it is from the first poem to the last at the same time a worldview and moral instruction.

The special attraction of the poet Z. Berbekov to meditating lyrics is revealed, at the same time, without losing touch with the folk tradition and its style. His work is distinguished by the presence of a large personal beginning, where he expresses his deep affection for his small homeland, the turbulent river Cherek, and his ancestors. His patriotic verses are a defender of truth and nature, an appeal addressed to humanity to live in harmony with nature in the name of good and justice.

The significance of the study of Z.A. Berbekov's work is undeniable, and the conclusions made in the article can be used to create textbooks and teaching aids on the history of Adyghe literature, to develop lecture and practical courses for higher and secondary educational institutions of the North Caucasian republics.

The article is written in Kabardino-Circassian language.

**Keywords**: Kabardino-Circassian literature, poetry, morality, artistic worldview, system analysis, method, style, poetics.

DOI: 10.31007/2306-5826-2020-1-44-79-84